



Pou Piblikasyon Imedya: 27/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MTA AP LANSE PWOGRAM DEPISTAJ VOLONTÈ COVID-19 POU ANPLWAYE YO KI DEVAN LIY LAN

Y'ap ofri tès COVID gratis nan sit sou tèren an wotasyon, Sant Evalyasyon Medikal ak Sant Sèvis Sante Okipasyonèl ak premye faz depistaj 2,000 anplwaye NYC Transit, LIRR, Metro-North ak Bridge ak Tunnels ki devan liy lan pa semèn

Nouvo pwogram nan konplete tès gratis ki deja disponib atravè Swen Ijan Northwell Health-GoHealth la nan Rejyon Metwopoliten New York

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse MTA pral kòmanse yon pwogram depistaj COVID-19 volontè pou anplwaye yo ki devan liy lan. Anba nouvo inisyativ sa a, yo pral ofri tès COVID gratis nan sit an wotasyon ak sant evalyasyon medikal ak sèvis sante okipasyonèl bay anplwaye NYC Transit, LIRR, Metro-North ak Bridge ak Tunnels ki devan liy lan. Yo pral depiste jiska 2,000 anplwaye MTA ki devan liy lan pa semèn nan premye faz pwogram lan - ki se premye inisyativ depistaj travayè transpò piblik nan peyi a.

"Travayè brav transpò piblik nou yo te riske lavi yo pou bay Nouyòkè yo yon sèvis esansyèl chak jou pandan pandemi sa a, epi nou dwe sipòte yo menm jan yo te sipòte nou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo pwogram depistaj volontè sa a ogmante pwogram tès COVID New York la k'ap mennen nan nasyon pou ede kenbe travayè nou yo ki devan liy lan an sekirite pandan pandemi san parèy sa a."

Nouvo pwogram tès la kòmanse ak faz inisyativ la ki sible anplwaye yo ki devan liy lan atravè yon apwòch ki gen twa volè:

1. Sit sou Tèren: Yo pral bay tès sou plas sou yon orè an wotasyon nan sit sou tèren yo, ki gen ladnan depo otobis ak lakou metwo ak lakou ray tren yo, k'ap detèmine pa Sèvis Sante Okipasyonèl MTA ki baze sou deziyasyon zòn sansib yo ak zòn regwoupman yo ki fèt pa Eta New York.
2. Sant Evalyasyon Medikal (Medical Assessment Centers, MACs) ak Etablisman Sèvis Sante Okipasyonèl (Occupational Health Services, OHS): Yo pral ofri tès volontè tou pou tout anplwaye ki pwograme pou vizite yon etablisman MAC oswa OHS.
3. Patenarya ki egziste deja ak Northwell Health: Anplis de sa, tès dyagnostik gratis rete disponib pou travayè MTA yo nan sant swen ijan Northwell Health-GoHealth yo nan tout rejyon metwopoliten New York la.

"MTA a ap kontinye dirije nasyon an nan sekirite travayè yo epi nouvo pwogram depistaj COVID-19 la se jis dènye egzant angajman san fay sa a pou sekirite anplwaye yo pandan ijans sante piblik san parèy sa a", **deklarasyon Patrick J. Foye, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA a.** "Mendèv nou an se kolòn vètebral New York depi lè viris la te rive. Se yon priyorite premye lòd pou ankouraje yon anviwònman travay ki an sekirite nan tout etablisman nou yo".

"Mwen ankouraje tout anplwaye yo pou yo pran avantaj nouvo pwogram enpòtan sa a pliske li pral ede nou idantifye viris la epi sispann transmisyon an sou kous li", **deklarasyon Patrick Warren, Ofisyè Chèf Sekirite MTA a.** "Nou konnen ke pwopagasyon asentòmatis se yon enkyetid ki trè reyèl ak viris sa a epi nou tout bezwen jwe wòl nou pou kenbe youn lòt an sekirite nan travay la. Mwen vle remèsye anplwaye MTA yo k'ap travay di pou kenbe vil sa an mouvman pandan moman ki pi difisil nou yo".

"Sa a se egzakteman kalite pwogram tès depistaj nou t'ap mande a epi se yon gwo etap anavan nan si ki gen rapò ak pwoteje TWU Local 100 yo kont yon dezyèm vag posib", **Prezidan TWU Local 100, Tony Utano te deklare.** "Nou pral kontwole byen aplikasyon li yo, men nou rekonesan paske yo te tandè demann nou yo pou tès ak depistaj nan yon nivo konsa".

Prezidan Jeneral SMART la, Anthony Simon te deklare, "Pwogram tès sa a se yon pwochen etap nesèsè nan efò nou yo pou detekte viris la, sispann pwopagasyon li an ak pwoteje frè ak sè travayè nou yo ki te sèvi rejyon pandan tout pandemi an yon fason ewoyik. SMART ap tann ak enpasyans pou li travay avèk MTA sou inisyativ enpòtan sa a".

Danny Cassella, Prezidan ATU Lokal 726 la, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè a ak MTA paske yo mete pwogram sa a anvanm. Nenpòt tès la kit li se depistaj COVID oswa pran tanperati se yon ogmantasyon pou manm nou yo ak pou piblik la".

Sekretè-Trezorye IBT a, F. Christophe Silvera, te deklare, "IBT a konplètman sipòte efò MTA yo pou rann tès COVID-19 gratis ak volontè disponib pou tout anplwaye MTA yo. Nou konprann ke ofisyèl CDC a, Ofisyèl sante Eta ak Vil New York anvanm ak ekspè sante piblik yo rekòmande ke fè tès souvan gen plis avantaj pou sante ak byennèt anplwaye yo ak fanmi yo. Nou kontan pou nou fè patenarya avèk MTA, ak vandè li yo BioReference Laboratories ak Quest Diagnostics ki pral fè tès depistaj COVID-19 pou anplwaye nou yo. Se efò yon vrè ekip epi nou pral rekòmande pou anplwaye tren nou yo k'ap travay di pou yo patisipe".

MTA ap fè patenarya ak BioReference Laboratories ak Quest Diagnostics pou fè tès yo. Faz inisyal la nan pwogram nan pral gen ladan yon objektif pou tetse de mil anplwaye chak semèn ak priyorite ki konsantre sou teste jiska 15% nan mendèv ki devan liy lan. Pwogram Depistaj COVID-19 la pral kòmanse nan kèk sit sou tèren, etablisman MAC ak OHS yo epi yo pral elaji li nan sit adisyonèl ak ogmante li nan semèn kap vini yo. Anplwaye yo dwe enskri pou yo antre nan yon sit MAC oswa OHS si yo pa deja pwograme pou yon vizit.

"Li enpòtan anpil pou asire ke anplwaye MTA yo an sekirite e an sante", **deklarasyon Jon R. Cohen, M. D., Prezidan Egzekitif BioReference Laboratories.** "Yon mendèv ki an sante ki se COVID-19 pral ede nou kontinye sispann pwopagasyon viris la epi kenbe dè milyon Nouyòkè an sekirite avanse alavni."

"Tès COVID-19 ki gen kalite enpòtan pou ede travayè ki devan liy yo nan nasyon nou an fè travay yo san danje jan sa posib", **deklarasyon Wendi S. Mader, direktè egzekitif nan pwogram sante popilasyon anplwayè yo pou Quest Diagnostics.** "Travayè MTA NY yo ap mete sante yo sou liy lan chak jou pou asire ke nou menm rès ki rete yo ka rive kote nou bezwen ale pandan pandemi an. Kòm yon òganizasyon ki gen anpil rasin nan zòn twa eta NY la, Quest Diagnostics pa ta ka pi fyè ke sipòte ewo NY MTA yo lè li te bay yo apèsi sou tès COVID-19 nou yo nan moman enpòtan sa a."

Tès yo pral RT-PCR epi yo pral pran apeprè senk minit pou yo administre prelevman nan nen an. Pwogram nan volontè, men yo rekòmande patisipasyon an seryezman. Delè tretman rezilta yo pral ant 48 èdtan nan sikonstans nòmal yo epi anplwaye yo pral resevwa rezilta yo nan delè sa.

Pwogram nan pral kòmanse nan lye sa yo kounye a jiska novanm:

- Depo Otobis Lès New York
- Depo Otobis Flatbush
- Depo Otobis Jackie Gleason
- Depo Otobis Ulmer Park
- Depo Otobis Baisley Park
- Depo Casey Stengel
- Depo College Point
- Depo Far Rockaway
- Depo Jamaica
- Depo JFK
- Depo LaGuardia
- Depo Queens Village
- Depo Otobis Spring Creek
- Fresh Pond
- Grand Avenue
- Depo Eastchester
- Depo Gun Hill
- Depo Kingsbridge
- Depo West Farms
- Depo Yonkers
- Depo Mother Clara Hale
- Depo Manhattanville
- Michael J. Quill
- Tuskegee Airmen (100th St)
- Depo Castleton

- Depo Charleston
- Depo Meredith
- Depo Yukon
- Sant Evalyasyon Medikal 1
- Sant Evalyasyon Medikal 3
- Sant Evalyasyon Medikal 5, Lakou Coney Island
- OHS Greybar Etablisman (MNR)
- OHS Mineola Etablisman (LIRR)
- Lakou 207th Street
- Lakou Hillside (LIRR)
- Croton-Harmon (MNR)

Anplwaye ki gen sentòm COVID-19 yo ta dwe wè doktè pèsònèl yo imedyatman oswa fè tès nan yon sit tès lokal.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou tès la nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la, oswa lè'w rele Liy Dirèk COVID-19 NYS la nan 1-888-364-3065.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)